


Ésery Mondésir: Choublak

Julia Eilers Smith



Teks sa a akonpaye
ekpozisyon an

Ésery Mondésir: Choublak

Komisè
Julia Eilers Smith

3 septanm 2024 –
18 janvyè 2025

Plant kòm dokiman ekzistans

Julia Eilers Smith

Eske tout imaj se pa pwodui yon transfè,
yon migrasyon ?

— Ésery Mondésir

M ap defann fanm ak gason yo anpeche sikile.

— Jean-Claude Charles

Bay kou bliye pote mak sonje.

— Pwovèb ayisyen

Ésery Mondésir dekouvri flè akasya pou premye fwa nan vil piz an Itali, pandan li tap vizite legliz San Donnino. Li te ale vizite chapèl kote Marie-Louise Christophe ap repoze a, sèl rèn Ayiti, vèv Henry Christophe ki te bay tèt li tit wa. Nan espas la, gen yon plak komemoratif ki mansyone: «Li te rèn konsò Ayiti (1811-1820) epi premye fanm desandan afriken ki te chèf Leta sou kontinan ameriken an». Aprè lanmò trajik mari l, li te pran ekzil an Ewòp ak de pitit fi l yo, Françoise-Améthyste, Anne-Athénaïre Christophe, epi yon domestik, Sabine Zéphyrin. Li te jwenn refij Lond ak Piz kote l mouri an 1851. Nan chapèl la jou sa, yon fanm ki t ap swiv sèvis la ofri atis la yon branch akasya epi li eksplike l ke flè sila senbolize fanm. Alò misye depeze li tou prè tonm rèn nan.

Depi lè li tap grandi an Ayiti, Mondésir devlope kòkòday ak plant. Lakay li te toujou gen yon jaden k ap fleri ak swen

Si w ta vle kòmante sou
travay yo oubyen sou lide
ekspozisyon an brase yo,
oubyen ankò sou lekti
nou rekomande yo, al sou
sitwèb galri a epi gade

Piste de réflexion.

granmè l ki te konn kiltive plant ak legim, epi ki te konn prepare te, tizàn tout kalte pou kalme doulè. Jou atis la aprann plant sa yo ka sèvi tou pou devlope imaj ak fim li yo nan plas solisyon chimik, pratik li te layite kò l nèt nan eksperimantasyon ki brase imaj ak vegetal.

Non ekspozisyon solo Mondésir sa, nan Galri Leonard ak Bina Ellen, sòti nan choublak, hibiscus nan lang franse. Plant sa sòti an Afrik oubyen an Azi (se selon sous yo), li se alafwa dekorasyon, aliman, remèd. Jodi a, rasin li byen fon nan Karayib la. An Ayiti, se yon senbòl kiltirèl, yon gwo anblèm floral nasyonal. Pou atis kanado-ayisyen an, choublak reprezante tou yon pakèt tèm fondalnatal pratik li: antre de, orijin ibrid, derasinen sovaj nan tè natal, wout migrasyon, kreyolite tou, ak kominote dyaspora.

Choublak prezante yon gwoup zèv resan Mondésir reyalize an kolaborasyon ak dyaspora ayisyen an Monreyal, Towonto, Naso, Laavàn. Sou yon ton abstrè, gen yon seri fim-pòtrè, ak imaj li kapte nan stenope pandan deplasman l yo Chili, Trinidad ak Tobago, ki pouse l itilize divès pwosede ki revele imaj, sitou gras ak rès plant. Entèkansyon sa yo sou pelikil la revele yon seri fòm ak istwa an transfòmasyon ki t ap dòmi nan pelikil la.

Lyen afektif

Mondésir fèt Matisan an 1974, yon katye popilè nan Pòtoprens. Li se pitit-pitit yon evanjelis, li grandi pandan l ap frekante yon legliz ki te yon fòs kiltirèl ak yon sant sosyalizasyon. Se la, li trese lyen ak yon bann atis, jèn etidyan, inivèsite ki t ap brase lide sou la, pwezi, mizik, literati¹. Nan inivèsite, li etidye edikasyon pandan l ap anseye literati ayisyen ak literati franse nan lekòl segondè. Nan fen lane 1990 yo, li rankontre ekriven Rodney Saint-Éloi, epi li travay kòm grafis dizaynè nan Edisyon Mémoire². Nan ane 2000, li jwenn yon okazyon pou l kite peyi a, li tou pran ekzil an Amerikdinò, Etazini, Kanada kote li te travay nan yon òganizasyon sendikal ki aktif nan de peyi yo.

Aprè kèk ane Towonto, Mondésir deside rekòmanse etidye, men fwa sa nan domèn pwodiksyon sinema – yon rèv li t ap miyonnen lontan. Depi lè sa, pratik atistik li balanse ant imaj fiks ak imaj an mouvman. Kounye a, li tabli bonjan koneksyon ak Ayiti atravè relasyon li gen ak moun tankou l ki te oblije pati kite peyi a. Zèv li yo marye apwòch dokimantè ak eksperimantal, yo fè viwonn espas tranzit ak espas kote dyaspora ayisyen an enstale l – soti vil vwazen tankou Monreyal, Towonto, rive jouk nan peyi flonn migrasyon make istorikman. Tankou, Kiba kote apeprè yon demi milyon Ayisyen te kouri al kache nan kòmansman XX^e syèk la sou lokipasyon ameriken, Brezil ki te bay sitwayen ayisyen viza imanité pandan misyon MINUSTAH Pòtoprens³, Chili kote Ayisyen te ka antre san viza

1. Pami moun sa yo, gen Jean Phareau Dumond, frè Jacquet yo, Smith Champagne epi Tony Jean-Baptiste.

2. Rodney Saint-Éloi te fonde Editions Mémoire an 1991 Pòtoprens. An 2003, li fonde Monreyal Editions Mémoire d'encrier nou konnen jodi a.

3. Aprè yon koudeta fin jete Jean-Bertrand Aristide 2004, Brezil pran Misyon Nasyonzini pou Estabilizasyon an Ayiti a (MINUSTAH), li voye yon kontenjan militè Pòtoprens, li rewè politik imigrasyon l pou l favorize entegrasyon migran ayisyen yo.

pandan plizyè ane⁴, Meksik, Tiwana, pou plis presizyon, ki se yon pwèn pasaj estratejik pou moun k ap mande azil Etazini.

Travay Mondésir a deplwaye an mikwo-resi ekzil, rezistans, klandestinite, men tou kòkòday, eritaj ki gen rapò ak peyi I. Moso istwa sa yo file monte nan rankont ak moun k ap viv sou kote sosyete yo epi ki nan sityasyon frajil, yo raple pwòp eksperyans atis la. Anndan demach Mondésir a, li gen yon nosyon majinalite li prete nan men otè ak powèt militan bell hooks ki wè l tankou yon «sit rezistans epi yon espas ouvèti radikal⁵». Pèspektiv sa a rebranpanse Edward W. Saïd. Nan *Culture et impérialisme* Saïd apiye l sou lide Theodor W. Adorno yo pou l souliye ke atitid ekzilik ak eksantre la se yon pozisyon estratejik pou fè rezistans ak estrikti dominan yo, epi pèmèt nou pansè libè, libé.

Konsa, konsyans emigre a – «lespri an ivè sa» pou site Wallace Stevens – nan rete sou kote, rann li kont ke koze «chèche wout pa bwa, rayi banalite, chèche sa ki nèf, sa mòd pansè dominan an poko konprann, se dènye chans refleksyon an». Donk, pozisyon eksantre emigre a ofri, non sèlman avantaj negatif yon refij, men tou, avantaj pozitif yon defi pou sistèm nan li pèmèt yo dekri nan yon lang moun li fè obeyi yo pa posede⁶.

4. Sa pral chanje an 2018, lè prezidan konsèvatè chilyen an Sebastián Piñera mete sou pye yon pwojè pou reglemante mouvman migratwa a epi ekzije viza touris pou tout Ayisyen ki vle fè yon sejou Chili. Prensa Presidencia, «Presidente Piñera anuncia Reforma Migratoria», 9 avril 2018, konsilte 18 out 2024, <https://prensa.presidencia.cl/discursos.aspx?id=73020>.

5. bell hooks, «Choisir la marge comme espace d'ouverture radicale», trad. sòti an anglè pa Mathieu Kleyebe Abonnenc, *PETUNIA* #3, jen 2011, p. 68, konsilte 18 out 2024, <https://petuniamagazine.eu/issue-3>.

6. Edward W. Saïd, *Culture et impérialisme*, Paris, Fayard et Le Monde diplomatique de 2008, p. 460.

Migrasyon an plis pase yon tematik, se yon mwayen ki pèmèt atis la kesyone depasman, majinalite, (en)vizibilite ak kapasite pou aji sou mond lan. Li se tou yon estrateji vizyèl ki pèmèt li ting-ting fòm ak matyè menm zèv li yo. Kit se nan itilize achiv pèsònèl oubyen enstitisyonèl, tretman ala men pelikil yo, konminezon plant yo, imaj li pwodui yo se rezilta yon dividal migrasyon youn dèyè lòt k ap reyaji ak divès materyo.

Plizyè fim Mondésir sezi dokiman achiv li dekouvri an liy ki gen rapò ak Ayiti. Li eksplwate disponibilite yo an fòma nimerik pou fè yo sikile epi revizite yo lòt jan. Li fè jès sa poutèt anpil Ayisyen pa ka jwenn achiv sou pwòp istwa yo.

Diptik videyo *The Mother was feeding it Alright* an (2019), pa ekzanp, baze li sou yon repòtaj pou televizyon ekriven, jounalis ayisyen Jean-Claude Charles te fè, aprè yon anbakasyon ki pote refijye ayisyen sou lanmè sòti an Ayiti te debake sou kòt Florid la an 1981. Mondésir izole kèk ti bout nan entèvyou lyetnan an ki te sou plas la bay jounalis la pou l montre jan pawòl gad forè a san imanite, san sanblite devan sò pasaje yo⁷. Videyo a montre risk ki genyen nan rayisman etranje, ak rasism tennfas ki kont Ayisyen yo nan travay atis la, menmjan li atire atasyon sou wòl medya yo nan jistifye konpòtman diskriminatwa.

7. Reyalite refijye lanmè yo, menm jan ak epizòd patikilye ak lyetnan White la, yo trete nan resi-repòtaj 1982 Jean-Claude Charles la, *De si jolies petites plages*, Éditions Mémoire d'encrier reyeditè an 2016.

Jès chak jou

Nan yon seri fim ki fèk fèt ke yo souvan rele « la trilogie haïtienne », Mondésir kolabore avèk gwoup migran ayisyen epi akonpaye yo nan reyalite yo ki an mouvman tout tan. Li kapte jès yo, echanj yo, woutin ki ritme jounen yo, pandan lap fè nou wè moman yap reprann fòs yo, nan dyalòg yo, nan « enracinerrance » – yon ekspresyon Jean-Claude Charles fabrike pou l dekri « l'enracinement dans l'errance⁸ », anransinen nan drive. Idantite yo parèt pi klè nan seremoni, nan poz nan mitan travay, nan diskisyon, nan prepare ak manje repa yo. Yo chouke sa ki te ka parèt tankou yon tanporalite ki pandye, k ap flote annatanda, sou tèt yon tan ki kole ak yon espas ou pa fin moun la nèt oubyen ki pa sanble avè w.

Zèv *Una Sola Sangre* a (2018-2024), apwofondi rechèch Mondésir yo sou memwa kolektif ak sibjektivite dyasporik eksperyans pòs-migrasyon yo pwodui. Atis la kolabore ak fanmi Garde ki sòti Ayiti, e ki tabli Santyago depi 1920. Zansèt yo te rive Kiba, pandan yon bann Ayisyen te kite Ayiti pou al travay nan plantasyon kann ak kafe, selon sezon an. Malgre kat jenerasyon fanmi sa te viv Kiba pandan plis pase yon syèk, eritaj tradisyon ayisyen an rete byen vivan. Kreyòl ayisyen an pale klè, santerya ak vodou danse kole. Toutfwa, Garde yo viv nan maj sosyete kiben an, yo rive viv gras ak ekonomi enfòmèl la.

Fim *Pariah My Brother, I Follow, You Show Me the Route to The Springs* (2019), akonpaye yon nèg ak bòpè l, de migran

8. « Konsep "enracinerrance" la se yon oksimoron delibere: li pran an konsiderasyon ni rasin nan ni erans la; li di memwa orijin yo ansanm ak reyalite nouvo migrasyon yo; li souliyen yon rasin ki chita nan erans.» Jean-Claude Charles, « L'Enracinerrance », *Boutures*, vol. 1, n° 4, 2000, p. 37-41, konsilte 20 out 2024, <http://ile-en-ile.org/jean-claude-charles-lenracinerrance/>.

« ayisyen ki mete yon tab pou yon ti tan nan yon mache Tiwana pou yo ka vann tenis pèpè. Mondésir kenbe rityèl chak jou sa ki kòmanse depi solèy leve, mouvman ak tranzisyon yo sipòte l. Ti kal nan konvèzasyon yo ekspoze kalamite migrasyon yo ak tretman diskriminatwa yo sibi sou wout yo. Zèv sa, an dyalòg ak yon powèm « L'île déchaînée » Villard Denis, alyas Davertige, manm Ayiti Literè (Haïti Littéraire)⁹. Fim nan reprann yon ekstrè powèm nan.

Nan *What Happens to a Dream Deferred* (2020), yon gwoup ayisyen an ekzil Tiwana ap prepare yon soup joumou pou nouvèlan. Pla sa ki te rezève pou esklavajis yo, vin yon gwo senbòl idantite ak endepandans Ayiti. Mondésir atrap atmosfè fèt la ak konvèzasyon k ap dewoule ant nèg yo ki pare pou travèse fwontyè Etazini an pou yo reyalize rev yo ki se fè rap. Nan mesaj tèks mesye yo pataje avèk atis la, gen detay sou vwayaj manch long yo a ki kòmanse Ayiti pou mennen yo Tiwana, anpasan pa yon dizèn peyi Amerikdisid, ak santral (ki gen Brezil, Pewou, Ekwatè, Kolonbi, Kostarika, Panama, Nikaragwa, Meksik)

9. Ayiti Literè yo (Haïti Littéraire) se te yon gwo powèt ak ekriyen ayisyen ki te fonde nan lane 1960, sou kote powèt Anthony Phelps pandan diktati François Duvalier a. Plizyè manm gwoup la te blije pran legzil Monreyal (Montréal), kote yo te mare gwo zanmitay avèk potanta literati Kebebwaz epòk la. Yo te konn rankontre chak lendi nan « Perchoir d'Haïti », yon ba rastoran ki te nan ri « Bleury », apre li ale chwe ri « Metcalfe ». La a yo te konn ap li pwezi, dyaloge, fé deba.

Pratike migrasyon

Sou plan materyèl, *What Happens to a Dream Deferred* pase plizyè faz transfòmasyon anvan l pran dènye fòm li. Okòmansman, li te filme ak yon kamera nimerik, aprè, li transfere sou pelikil pou l tounen nan fòm nimerik. Ale vini nan teknoloji yo, redefini imaj la, li transfòme l, pandan l ap mete bouyay ant sipò yo. Nan yon konrespondans an 2023, atis la evoke kèk kesyon ki te ka eksplike demach sòti nan yon medyòm pou ale nan yon lòt la, ki toujou la nan zèv li:

Men ki vrè idantite imaj sa, kòman pou l rele pwodui divès transfè sa? Imaj ibrid, piske li pote mak plizyè espas kote l viv, oubyen kreyòl, nouvell kreyati ki gen rasin tout kalte? Poukisa pou nou bay imaj sa non? Ki diferans ki genyen ant li menm ak lòt imaj ki ekzite yo¹⁰?

Mondésir refize aksepte yo bay imaj yo non nan diferans yo, epi chèche orijin yo. Bay imaj yo non enplike rekonèt, atribye epi, klasifye yo atravè yon langaj. Ò, imaj ki san kay, san apatenans lan manifeste pou kò l. Li reprezante tèt li, li travèse eprè yo pou kont li, li mande yon apwòch entèpretasyon ki pa nan konvansyon resi ki klè, ki fasil pou konprann.

Pou kou-metraj *Katherine* (2020) an, atis la itilize yon kamera Bolex 16mm pou filme yon ekran ki montre yon dokiman achiv sou dansèz, koregraf ak antwopològ Katherine Dunham (1909-2006). Lè l fin devlope pelikil la avèk solisyon natirèl tankou kafe, li pwojte fim nan sou yon panno mi avan l kapte l ankò avèk yon kamera nimerik. Chak etap pwosesis sa, depi nan pran imaj la rive nan pwojeksyon koz yon degradasyon, yon transfòmasyon imaj la ofiramezi, ki bay yon lòt reyalyte vizyèl.

10. Ésery Mondésir, kominikasyon pa kouryèl, 13 fevriye 2023.

Apwòch sa ki chita sou transfòmasyon ak detou imaj yo fè n sonje fason elaji bell hooks entèprete «lakay» l nan «Chwazi maj la kòm espas ouvèti radikal». Pou hooks lakay pa yon kote fiks, men yon espas pliriyèl ki pa janm sispann evolye.

Lakay la tounen yon kote ki otorize epi ankouraje opinyon varye, epi k ap evolye san rete, yon kote chak moun ka dekouvri nouvo fason pou yo konprann reyalyte a, fwontyè diferans lan. Chak moun fè fas ak tèt li, epi aksepte dispèsyon ak fragmantasyon, kòm eleman pou n bati yon nouvell lòd mondial ki pa ta ekzije nou pèdi memwa¹¹.

Nan travay Mondésir a tou, kay imaj la, kit se kòm sijè, kit se kòm kontèks lekti, toujou ap miltipliye epi chanje anmenm tan. Entegrasyon plant yo nan revelasyon imaj vin tou yon mwayen pou pwolonje migrasyon yo nan yon kontèks sanzatann.

Nan seri antotip sou twal (2024) li a, atis la itilize pigman natirèl-espililin, zepina, safran, choublak kòm materyo fotosansib. Imaj vil, peyizaj li kapte nan stenope pandan vwayaj li Santyago ak Talka nan Chili, menm jan Bèlmont, Trinidad ak Tobago gen yon aparans zombi akòz yo ret ekspozè lontan. Bèlmont nan banlye Pòtòfspeyn, se vil kote C.L.R. James te ekri *Les Jacobins noirs* nan ane 1930. Li rakonte revòl esklav yo ak lit antikolonyal la pou te kreye premye Eta endepandan Amerikdisid la epi premye repiblik nwa — Ayiti. Liv la ta pral gen gwo enfliyans sou jan yo wè Ayiti nan Karayib anglofòn nan ak an Amerikdinò.

11. bell hooks, «Choisir la marge comme espace d'ouverture radicale», trad. sòti an anglais pa Mathieu Kleyebe Abonnenc, *PETUNIA* #3, jen 2011, p. 67, konsilte 18 out 2024, <https://petuniamagazine.eu/issue->

Anprent petal, fèy, pistil choublak sou panno limyè long (*Choublak #1, #2, #3, 2024*) revele finès anatomi vejetal la avèk presizyon yon radyografi. Mondésir konsevwa fitogram yo pandan l ap depoze ekstrè plant ki te tranpe nan kafe, nan kristal soud sou yon pelikil 35 mm ki pa ekspoze. Reyaksyon chimik ak emilasyon fotografik la, epi ekspozisyon nan limyè, enprime choublak la dirèkteman sou sifas seliloyid la, ki fè plant lan alafwa sijè, materyo, ajan pwosesis fabrikasyon imaj sa yo ki kreye san aparèy foto.

Mak ak jès

«Langaj je yo vin pi rich chak jou
Yon jès ak men di plis pase yon diskou...
Ô peyi m sezon an tèlman tris
men tan pou n pale an siy lan vini»

— Anthony Phelps

Malgre Mondésir te dabò itilize kafe pou devlope fim li yo ak fotografi l yo, li te rapidman elaji metòd li yo nan ajoute plant tankou mant, vèjdò, foujè. Chak ladan yo pote konpozisyon pa yo ak nivo kontras pa yo. Nan kontak yo ak pelikil la, plant sa pwodui lonbray ki pwofon, ten lèt, oubyen defòmasyon ki sipèpoze efè yo an divès kouch. Nan zèv ki pi eksperimantal li yo, fòs entèvansyon yo epi degre abstraksyon tèlman avanse, ou vin pa ka rekonèt sijè a touswit. Li pa fasil pou li. Desenkwonizasyon vokal, dedoubleman, wout dekoupe son, mete sou manipilasyon vizyèl kreye yon enpresyon enstabilite disosyasyon ki kenbe nou nan yon eta konsyans tou vij.

Yon «jaden» fim ki boure ak imaj abstrè, ki devlope ala men avèk rès plant evoke, nan yon sal ekspozisyon, dyaspora ayisyen yo ki gaye, kilti yo ki simaye pi lwen fwontyè vizib yo. Nan fon an, *The Marks Remember* (2023) trase yon paralèl ant mak devlopman ala men kite sou pelikil la e mak pakou lavi a ki antre nan yon eksperyans imen. Zèv sila yo ki fèt Pòtòspeyn, Naso, Towonto ak Monreyal, sitiye kò ak jès kòm vektè memwa, epi konesans transjenerasyonèl. Li jikstapoze jès ki marande ak kilti kann nan – ki pote mak – yon pase chaje vyolans ak eksplwatasyon kolonyal an Ayiti – avèk jès ki asosye ak plant medisinal yo, ki revele konesans tradisyonèl lokal yo, yo transmèt a loral. Fim nan devlope ak ekstrè flanbwayan, yon pyebwa ki bay flè wouj san, ak vitamin C, ki fè l gen koulè

yo pa itilize ankò. Aprè, atis la plonje l nan lanmè pou l fikse imaj la natirèlman ak sèl dlo a.

Nan yon lòt nivo, Mondésir panche tou sou mak yon tretman medyatik defòmè, sansasyonalis, avilisan kite sou yon kolektivite. Alafwa pòtrè entim epi dyagnostik aprè lanmò, *Of What Death We Die* (2022) eksplòre sikonstans lanmò papa Mondésir nan ane 1980, alòske atis la te timoun. Pandan l konbine foto fanmi, achiv medyatik et temwayaj pwòch yo, Mondésir mete an paralèl eksperyans endividyèl maladi papa l ak epidemi mondyal VIH la. Zè la ekspoze diskou estigmatizan epi retorik blam nan kont Ayiti yo te klase nan epòk la pami les « Quatre H » – « homosexuels, usagers d'héroïne, Haïtiens, hémophiles » – gwoup kominote syantifik la te konsidere kòm yon gwoup risk pou SIDA.

Zè Mondésir yo anplifye vwa ak prezans figi sa yo ki make pèsèpsyon entènasyonnal Ayiti pozitivman, tankou Katherine Dunham. Dansèz ameriken an te louvri de bra bay Ayiti, li te pran l pou peyi l. An 1992, a 82 an, li te fè yon grèv grangou 47 jou pou te denonse rapatriman fòse plizyè milye ayisyen ki te mande azil pou kouri pou rejim militè a. Mondésir rann li omaj avèk kou-metraj eksperimental li a, *Katherine*.

Enklizyon pyès sa nan jaden film Mondésir imajine a pa yon aza. Plant yo te gen yon plas santral nan lavi Dunham. Nan ane 1950, li vin genyen yon pwopriye plen pyebwa – yo konnen kòm Abitasyon Leclerc – nan Matisan¹², katye kote Mondésir te grandi, avèk rèv pou fè l tounen yon rezèv botanik. Aprè plizyè deseni, rèv la reyalize: sit la kounye se yon jaden plant


12. Klinik medikal pou kominote lokal, ouvri an 1961, epi ki te yon destinasyon touristik. Katherine Dunham, *Dances of Haiti*, Los Angeles, CA, Center for Afro-American Studies University of California, 1983, ix; Molly E. Christie Gonzalez, « Katherine Dunham Technique and Philosophy: A Holistic Dance Pedagogy », tèz metriz nan dans, Brockport, 2015, p. 105.

medisinal epi yon pak piblik avèk yon sant kiltirèl Katherine Dunham. Jodi a, zòn sa anba enstabilite politik epi lavni l pa asire.

Lè l sòti legliz San Donnino Piz la, Mondésir te kay Yeser Sipriano, yon ansyen zanmi li te rankontre San Francisco de Paula nan Kiba, yon kenzen lane anvan, li te kolabore avè l sou *Una Sola Sangre*. Atis la swete fè l wè vèsyon final fim lan, Sipriano pa t gen okazyon pou l wè a. Li te kite Kiba yon ti tan aprè li te fin patisipe an gran jan nan yon seremoni vodou ki fini fim nan. Li te ale viv an Itali. Sou tèt montay kote Sipriano habite ak konpay li a, de nèg yo rejwenn tankou frè, san lyen parante, men ini pa yon tè komen, yon eritaj revolisyonè epi yon eksperyans anransinen nan drive.

Tradiksyon Bonel Auguste

Plan ekpozisyon an



List travay yo

1. *Choublak 1, 2024*
Impresyon dijital yon fitogram ki reyalize sou fi 35mm
Koutwazi atis la
2. *The Mother was Feeding it Alright, 2019*
De (2) panno videyo, koulè, son, 2 min 20 s
Koutwazi atis la
3. *What Happens to a Dream Deferred, 2020*
Yon sèl panno videyo, videyo HD transfere sou fim 16 mm epi nimerize an 2K, koulè, son, 25 min 2 s
Koutwazi atis la
4. *Pariah, My Brother, I Follow You, Show Me the Route to the Springs, 2019*
Yon sèl panno videyo, koulè, son, 19 min 50 s
Koutwazi atis la
5. *Choublak 2, 2024*
Impresyon dijital yon fitogram ki reyalize sou fi 35mm
Koutwazi atis la
6. Achiv ki soti nan CIDIHCA – Centre international de documentation et d’information haïtienne, caribéenne et afro-canadienne, videyo: emisyon Champ libre, Société Radio-Canada, 26 me 1965; liv akòdeyon: University of Illinois nan Urbana-Champaign
7. *The Marks Remember, 2023*
Yon sèl panno videyo, son, fim devlope ala men, koulè dijital, papye kozò, 5 min 13 s
Koutwazi atis la
8. *Nocturne, 2018*
Yon sèl panno videyo, son, fim devlope ala men, koulè dijital, papye kozò, 3 min 17 s
Koutwazi atis la

- 9 . *Kale Kann Kale*, 2023
Yon sèl panno videyo,
fim devlope ala men,
koulè dijital, papye kozo,
1 min 38 s
Koutwazi atis la
- 10 . *Katherine*, 2020
Yon sèl panno videyo,
son, fim devlope ala men,
koulè dijital, papye kozo,
3 min 11 s
Koutwazi atis la
- 11 . *Joséphine*, 2023
Yon sèl panno videyo,
son, fim devlope ala men,
koulè dijital, papye kozo,
1 min 53 s
Koutwazi atis la
- 12 . *Building Santiago*, 2024
Talca, 2024
Street Santiago, 2024
Belmont, Trinidad 1, 2024
Belmont, Trinidad 2, 2024
Belmont, Trinidad 3, 2024
Belmont, Trinidad 4, 2024
Belmont, Trinidad 5, 2024
Belmont, Trinidad 6, 2024
Antotip sou twal
Koutwazi atis la
- 13 . *Of What Death We Die*,
2022
Yon sèl panno videyo,
koulè, son, 9 min 36 s
Koutwazi atis la
- 14 . *Una Sola Sangre*,
2018-2024
De (2) panno videyo, koulè,
son, 37 min 42 s
Koutwazi atis la
- 15 . *Choublak 3*, 2024
Impresyon dijital yon
fitogram ki reyalize
sou fi 35mm
Koutwazi atis la

Design: Karine Cossette

© Julia Eilers Smith ak Galri Leonard & Bina Ellen,
Inivèsite Concordia, 2024

ISBN 978-2-924316-65-8

Sipò: Konsèy Kanada pou Atizay

Depo legal
Bibliyotèk ak Achiv Nasyonal Québec
Bibliyotèk ak Achiv Kanada, 2024

M vle eksprime gwo gratitud mwen bay Èsery Mondésir pou konfyans li, tan l, espri enfatigab li, gwo sensibilite l. Remèsiman m yo al jwenn fidèl kòlèg mwen yo: Pip Day, Yasmine Tremblay, Hugues Dugas, Lynn Kodeih, Larissa Dutil epi Steven Smith Simard pou soutyen yo ki te presye epi ekspètiz yo, ki pèmèt nou reyalize ekspozisyon kalite sa. Yon mès patikilye pou Jo-Anne Balcaen, Coutèchève Lavoie Aupont epi Bonel Auguste pou tradiksyon yo. Yon remèsiman pou Karine Cossette pou dizay la ki trè byen fèt, yon remèsiman tou pou Olivier Longpré, Philip Kitt ak Christine Boudreau pou asistans teknik yo. Anfen, yon kokennchenn mès pou Frantz Voltaire epi pou tout ekip CIDIHCA pou patisipasyon jenere yo nan ekspozisyon an.

GALRI
LEONARD & BINA ELLEN

Inivèsite Concordia
1400, boul. Maisonneuve West, LB-165
Montreal (Quebec) H3G 1M8, Canada
ellen.artgallery@concordia.ca
ellengallery.concordia.ca